# Къинхетаме а, Къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!

## Сола́туттасбú́хь - Тасбихь ламаз[1]

1. ***Тасбихь ламазан хьукм.***
2. ***Тасбихь ламазан дозалла.***
3. ***Тасбихь ламазан хан.***
4. ***Тасбихь ламаз доькхуш дар.***
5. ***Тасбихь ламаз юха-юха дар.***
6. ***Тасбихь-ламаз даран куц.***

### *1 – Тасбихь ламазан хьукм.*

Iелам-нехан шина кепара дешнаш ду тасбихь-ламазах лаьцна. Цхьаболчу Iелам-наха иза дар суннат ду аьлла, дика а ду аьлла. Цхьаболчара иза суннат дац аьлла.

Iелам-нах оцу ламаз тIехь иштта бекъабаларан бахьана и ламаз дуьйцуш долун хьадис нийса хиларна тIехь уьш бекъабалар ду. Цхьаболчара и хьадис нийса ду аьлла, вукхара «дика» хьадис ду аьлла, вукхара «заьIап» ду аьлла, вукхара «кхоьллина» хьадис ду аьлла.

И хьадис масийтта Iелам-стага дийцина ду шайн хьадисийн жайнаш чохь: Тирмизийс а, ДарукъутIнийс а, Ибн Ма́джас а, Абу Давуда а, Хьакима а, иштта кхин болчара а.

Ал-Мунзирийс аьлла шен «АттаргIу́бу ваттархIу́б» жайни чохь: «И хьадис масийтта Iелам-стага нийса ду аьлла. Церах ву: Абу Бакр Ал-А́джуррий а, Абу Мухьаммад Iабдуррахьи́м Ал-Мисрий а, Абул Хьасан Ал-Макъдисий а».

Кхин а и хьадис нийса ду аьлла Хьакима а, Ибн Хузаймас а; Абу Муса Ал-Маданийс иза нийса хиларехь жайна яздина.

Ибнул Джавзийс «Кхоьллина хьадисаш» олучу шен жайни юкъахь далийна иза.

И воцучо цхьаболчу кхечу Iелам-наха «заьIап» ду аьлла иза, масала: Имам Нававийс шен цхьадолчу жайнаш тIехь, масала «Аттахькъу́къ» жайни тIехь а,

[1] ХIара яздечу хенахь ас пайда ийцира Тирмизийн «Сунан» жайнах а, цуьнан маьIна дечу «Тухьфатул Ахьвазú» жайнах а, Нававийн «Ал-Азка́р» а, «Аттахькъу́къ» а жайнех а, Ибн Хьаджар Ал-ХIайтамийн «Ал-Фата́ва́» жайнах а, Iамру́тIу́йс яздинчу «НихIа́йатут-тадру́б» цIе йолчу жайнах а. Дела реза хуьлда царна массарна а, Дала вайн цаьрца цхьана йалсаманехь цхьана а тохийла.

«Шархьул мухIаззаб» тIехь а. Делахь а, «ТахIзу́бул асма́и валлугIо́т» жайни тIехь а, «Ал-Азка́р» жайни тIехь а иза «дика» хьадис лерина цо.

Иштта цо санна шалха хьукм дина цунна Ибн Хьаджар Ал-Iаскъала́нийс а, «Талху́сул Хьабу́р» тIехь «заьIап» лерина цо иза, «Алхисо́лул мукаффирахI» тIехь а, «Ама́лил азка́р» тIехь а «дика» цо иза.

ТIаьххьара, цу хьадисан нийса хьукм довзуьйтуш, Ибн Хьаджар Ал-ХIайтамийс шен «Фата́ва» жайни делла фатван дакъа далор ду ас. Имам Ахьмад ибн Хьаджар Ал-ХIайтамийс аьлла – Дала къинхетам бойла цунах –:

«Тасбихь-ламазан хьадисан нийса долун хьукм – иза «кхечуьнца дика»[2] хьадис хилар ду. И хьадис нийса ду аьллачара – Ибн Хузаймас а, Хьакима а санна – иза аларан бахьана «дика» хьадис дуккха а некъашца деъча, цунна «нийса» хьадис олуш хилар хир ду. И хьадис «заьIап» ду аьллачара – Нававийс а шен цхьадолчу жайнашкахь, цул тIаьхьа баьхкинчара а санна – иштта аларан бахьана цуьнан хIора некъ схьалаьцча, иза цхьана некъаца заьIап хилар хир ду. Ткъа иза «дика» аьллачо ас хьахийначу бахьанийна аьлла иза. Цу тIехь хаьа вайна, Iелам-наха цунах тайп-тайпана аьллачу дешнашкахь къастам ца хилар. И ду церах цхьаболчара шина тайпанара цуьнан хьукм даккхаран бахьана а, цкъа «дика» ду олуш, юха «заьIап» ду олуш, Имам Нававийс а санна, Бусалба динан Шейхо Ибн Хьаджар Ал-Iаскъала́нийс а санна».

ХIокху Iелам-стага вайна гайти, тасбихь-ламаз дуьйцучу хьадисан хьукм. Ткъа, цу ламаз тIехь Iелам-нах бекъабаларан бахьана хьадисан хьукм хилча, тIаккха и хьадис – вайна ма-гарра – «кхечуьнца дика» хьадис а хилча, вайна хаало дуккха баккхийчу Iелам-наха и ламаз де алар а, цуьнан дозалла дийцар а нийса хилар.

ДIадерзош эр ду вай: тасбихь-ламаз дар суннат ду, иза деза ламаз а ду. Имам Та́джуддин Ассубкийс аьлла: «Цу ламазан дозалла шена хезначул тIаьхьа иза ца деш дуьтур дац динца ледарло йеш волчо бен».

## *2 – Тасбихь ламазан дозалла.*

Тирмизийс дийцина долчу, тасбихь ламаз дуьйцучу хьадисехь деана, Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шен девешига Iаббасе – Дела реза хуьлда цунна – элира аьлла: «Ваша! Ас дика хIума ала хьоьга? Ас пайдане хIума ала хьоьга?» ТIаккха цо жоп делла: «Алахь хIай Дела Элча!» Цо аьлла тIаккха: «Ваша! Диъ ракаIат ламаз де ахь…» ТIаккха цо дийцина тасбихь ламазан куц. Цул тIаьхьа аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –: «Хьан къинош юькъа гIум санна делахь а, Дала

[2] «Кхечуьнца дика» хилар бохург – цхьана некъаца деана долун хьадис заьIап хилча, делахь цуьнна санна болчу некъаца цуьнан маьIна долуш кхин хьадис хилча «кхечуьнца дика» хьадис хуьлу иза. Цхьатера маьIна долуш шина заьIапчу некъаца, йа кхаа, йа беа – иштта кхин дIа а – некъашца хьадис деъча, цуьнан некъаш дукха чIогIа заьIап дацахь, и хьадисаш «дикаллин» дарже хьала довлу, вовшийн цара тIечIагIдар бахьана долуш, цундела олу и санна долчу хьадисана: «кхечуьнца дика» хьадис.

гечдийр ду хьуна царна (цу ламазца)». Iаббаса – Дела реза хуьлда цунна – хьаьттина тIаккха: «ХIай Дела Элча! Цхьана дийнахь хьаьнга далур оццул тасбихь?» Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла тIаккха: «Хьайга цхьана дийнахь иза ца далахь, цхьана кIирнах дан хьажа хьо. Цхьана кIирнах а хьайга ца далахь, цхьана баттах дан хьажа хьо иза». Иштта олуш дIавахна иза цуьнга: «Цхьана шарахь цкъа мукъане дан хьажа хьо иза» олуш.

### *3 - Тасбихь-ламазан хан.*

Цхьаболчу Iелам-наха хан тоьхна билгал яьхна цхьайолу хенаш, цу хенашкахь дича тасбихь-ламаз кхечу хенел а деза ду аьлла. Делахь а, Имам Ибн Хьаджар Ал-ХIайтамийс иза цхьана хенан ламаз дац аьлла, муьлххачу хенахь а дан мегаш ламаз ду аьлла, суннат ламаз дан ца мегаш йолу хенаш йоцург. Дийнахь а, буьйсанна а иза дар суннат ду, суннат ламаз дан ца мегаш йолу хенахь ца дичахьана. Суннат ламаз дан ца мегаш йолчу хенахь мегаш дац иза дар.

### *4 – Тасбихь-ламаз доькхуш дар.*

Тасбихь ламаз доькхуш деш дац, хIунда аьлча иза цхьа хан йолуш ламаз доцу дела.

### *5 – Тасбихь-ламаз юха-юха дар.*

Иза юха-юха дар а суннат ду, дукха мел-дин а мел бу иза дечунна. Цхьана сахьтехь мосуьйттозза дича а суннат ду иза.

### *6 – Тасбихь-ламаз даран куц.*

Тасбихь-ламаз диъ ракаIат ду. И диъ ракаIат цхьана саламца а, йа шина саламца а дан мегаш ду. ХIора ракаIатехь цхьацца Фатихьат деша деза, цул тIаьхьа сурат а деша деза, тIаккха пхийттозза хIара тасбихь дан деза:

«СубхьáналлóхIи вал хьамду лиллáхIи, ва лáилáхIа иллаллóхIу валлóхIу акбар, ва лá хьавла ва лá къуввата иллá биллáхIил Iалиййил Iазы́м».

Цул тIаьхаь рукуIе ваханчул тIаьхьа, рукуIан тасбихь дIадаьллачул тIаьхьа, иттозза юха а дан деза и тасбихь рукуIехь. ТIаккха рукуIера хьалатаьIча а иттозза дан деза, сужудехь а иттозза дан деза, шина сужуд юкъахь охьахиъча а иттозза дан дезза, шолгIачу сужудехь а иттозза дан деза. ТIаккха йа рукуIе хьалагIаттале охьахиинчахь а иттозза дан деза, йа ташшаххIуд (эттахьиг) дешначул тIаьхьа а иттозза дан деза. Оцу кепара, цхьана ракаIатехь кхузткъе пхийтта тасбихь хуьлу иза, оцу деа ракаIатехь хIора ракаIатехь а иштта дан деза.

И тасбихь дар шена хезар долччул бен кхин чIогIа ца дешар суннат ду. Амма Фатихьат а, цул тIаьхьа долун сурат а, нагахь санна и ламаз дийнахь деш делахь шена хеззачал бен чIогIа доьшур дац, нагахь санна буьйсанна деш делахь и шиъ чIогIа доьшур ду, кхин долчу ламазашкахь санна.

Оцу тасбихьех цхьа тасбихь дицделча, йа ца олуш дисча, вицваларан сужуд дан ца оьшу.

Чекхдели тасбихь-ламазах лаьцна яздар.